ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№24 (23.994) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 29, шэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ, апхуэдэу хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэхэм гъэ къэс ират ахъшэм и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыдигъэкІа Указ №64-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ, апхуэдэу хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэхэм гъэ къэс ират ахъшэм и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыдигъэкІа Указ №64-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 1-м хэт «сом мин 40» псалъэхэр «сом мин 75-рэ» жиІэу зэхъуэкІын.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мазаем и 26-м
№14-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ «ФІагъымкІэ урысей системэ» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Протасов Максимрэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыхуэзащ «ФІагъымкІэ урысей системэ» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Протасов Максим. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ ди щІыналъэм щащІ ерыскъыпхъэхэмрэ ерыскъыхэкІыу щымыт адрей продукцэмрэ я фІагъыр хэпщІытэнымкІэ зэщІыгъуу зэфІагъэкІынухэм, ФІагъымкІэ урысей зэгухьэныгъэм и лэжьакІуэхэм республикэм щыІэ лабораторэхэр къагъэсэбэпыным, нэгъуэщІхэми.

ЗЭІУЩІЭМ кърикІуахэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ «ФІагъымкІэ урысей системэ» зэгухьэныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ.

ЛъэныкъуитІым я зэдалэжьныгъэр хуэунэтІащ продукцэм и фІагъыр къэпщытэныр и лъабжьэу ди щІыналъэм щыІэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыным, ерыскъыпхъэхэм, ерыскъыпхъэу щымыт адрей продукцэм я рынокым шынагъуэншагъэ щызэтегъэувэным. А лэжьыгъэхэр апхуэдэу сэбэп хъунущ хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ щылажьэ рынокхэм зегъэубгъуэмкІэ.

Зэдэлэжьэныгъэм хиубыдэу гулъытэ хэха хуащІынущ продукцэр хьэлэжьыным текІуадэ уасэр гъэмэщІэным. УФ-м и Правительствэм и сауГэтхэр тыным хиубыдэу фІагъымкІэ федеральнэ ведомствэм республикэм и предприятхэр щІипщытыкІынущ. Абы кърикІуэхэм япкъ иткІэ зэпкърахынущ дэтхэнэ Іэнатіэмэ хъер нэхъыбэ къыпыкІынымкІэ, ди щІыналъэм щащІ продукцэр пхыГъэкІынымкІэ лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и Советым ди округым щригъэкіуэкіа зэІущІэм хэтащ

Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым и Секретарь Патрушев Николай Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым лъэпкъ шынагъуэншагъэ къыщызэрэпэщыныным теухуа зэІущІэ Владикавказ къалэм щригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Чайкэ Юрий, округым хьыхь щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэр зыхэта зэІущІэм апхуэдэу щыхэпльащ коррупцэм пыщІа хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщхьэхуКІащ федерацэм и субъектхэм коррупцэм пэщІэтыныкІэ щыІэ органхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэн, къэрал, муниципальнэ къулыкъуэхэр зратынухэр къыщыхахкІэ ирагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэр гъэтэмэмын, коррупцэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр къыщІэгъэщыным хуэгъэза операативнэ лэжьыгъэр, псом хуэмыдэу лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным хухах бюджет ахъшэр зэхамыдыгъуэным теухуар, нэхъ тэмэму къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

Гулъытэ хуащІащ щыхуэхэр кьезышэкІ транспортым шынагъуэншагъэ къыщыщІэгъэпэщыным. Абы хиубыдэу къагъэлъэгъуащ къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ органхэм я Іэнатіэм къыщыщІагъэща ныкъусаныгъэхэр и зэманым щамыгъэзэкІуэж къызэрыкъыр.

Апхуэдэу тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щыналъэхэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыщыпэщІэтым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Фэеплъхэмрэ тхыдэмрэ яхъумэ

Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 75-рэ мы гъэм зэрырикъум и щІыхькІэ мазаем и 27-м Налшык къалэм дэт школ-интернат №3-м щекІуэкІащ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» семинар-практикум.

АР ЗЭГЪУСОУ къызэрагъэпэщат КъБР-м и Парламентым, абы и ЩІалэгъуалэ палатэм, «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм, КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и ЩІалэгъуалэ центрым.

Іуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, �щІалэгъуалэ палатэмрэ ЩІалэгъуалэ центрымрэ щыщхэр, школ-интернат №3-м и унафэщІ **Емуз Нинэ** къыхигъэщащ еджапІэм и 7 - 9-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІи 155-рэ семинарым къызэрыгъэблагъэр.

- Илъэс къэс ТекІуэныгъэ Иныр дгъэлъэпІэхукІэ, зауэр щекІуэкІа лъэхъэнэм нэхъ пэжыжьэ дохъу. Дэ псоми кьыдгурыІуэн хуейц: нобэкІэ иджыри Іэмал диІэщ а зауэ шынагъуэм къыпхыкІа цІыхухэм я гукъэкІыжхэр зэхэтхыну, тхыдэм нэхъ пэгъунэгъу зыхуэтщІыну, абыхэм депсэлъэну, защІэдгъэкъуэну. Ильэси 10 дэкІмэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ зэпыщІэныгъэ диІэжьнукъым, - жиІащ Емузым. - Абы къыхэкІыу дыхуэит ныбжьыщІхэм фщІэну «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэр зэлэжьхэр, абы и мыхьэнэр, апхуэдэуи, тхыдэм ехьэлІауэ ффІэгъэщІэгъуэн упщІхэм ди гуапэу жэуап еттыну дыхьэзырыц. НыбжьыщІэхэр нобэ Хэку зауэшхуэм и ветеран зыбжанэм я деж фхыщхьэщІэнущ. Абы икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэу къызэлъытэ. Дыхуейщ ТекІуэныгъэ Иным и щІыхькІэ ди республикэм къыщыздгъэпэщыну Іуэхухэм фэри фыкъыхьхьэну. Волонтёрхэм нобэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ, абыхэм къыватыну дерсхэр щхьэпэ фхуэхъуну, фи ужь къэкІуэнухэм а щІэныгъэхэр ябгъэдэфхъхьжьфыну дыфщогугъ.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Амщыкъуэ ФатІимэт** семинарыр къыздгъэпэщыным зи гугъащІэ хэзылъхьа псоми фЫщІэ яхуищащ. «Ди къалэныр - тхыдэр, къапкІэтэмэ, абы епха сыт хуэдэ зы сурэт цІыкІу-ри е хьыбар зытет тхылъымпІэри тхъумэнырщ. А Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ, афІэкІа апхуэдэ зэи дунейм къыщыдмыгъэхъун, фэри, фи ужькІэ къэкІуэну щІэлэми зауэ ямыльагъун папщІэ», - къыхигъэщащ Амщыкъуэм.

- Ди япэ итахэм ТекІуэныгъэр къащІехъуІар зэрызэкъуэувауэ щытаращ. Ар зыщыдгъэгупщэн хуейкъым. Къалэнышхуэ фи пщэ дэпъщ: фи блэкІар фщІэныр, тхыдэр зэзыхъуэкІыну хэтхэм фи щІэныгъэкІэ фапэщІэтыныр. ЗэфІэкІ къэзыгъэлъагъуэ щІалэгъуалэраш ди къэкІуэнур зэптхыр, - жиІащ **Безгодькэ Владимир**.

«ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Къумыкъу Каринэ** гу лъаригъэтащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щыкъум урысейпсо зэгухьэныгъэм хэтхэр цІыху мини 100 хъууэ зэрыщытар, мы гъэм абыхэм я бжыгъэр къэрал псом мин 200-м зэрыщыкІэлъэІгъар. Зэгухьэныгъэм гулъытэшхуэ хуащІу къэрал 45-м зыщеужь. Каринэ къызэхуэсахэм ягу къыгъэкІыжащ 2020 гъэр Фэеплъымрэ ЩІыхьымрэ я илъэсу зэрагъэувар, абы хьхьэу иджыблагъэ «Блокадный хлеб» зыфІащ Іуэхур зэрырагъэкІуэкІар, адэкІи мурад куэд зэрэІэр.

- Мыхьэнэшхуэ идот волонтёр Іуэхум зэрызиужьым, сыту жьІпІэмэ абы къызэщІеубыдэ школакІуэхэм, студентхэм къыщыщІдзауэ сыт хуэдэ ныбжьым ит цІыхухэри, - жиІащ Къумыкъум. - Зым адрейм зыщІигъэкъуэным, ди нэхъыжьхэм пщІэ яхуэщыным ди нобэрей гъащІэм мыхьэнэшхуэ щиІэщ. Нобэ ди зэгухьэныгъэм хэт щІалэгъуэхэр школым щІэс ныбжьыщІэхэм ядэлэжьэнущ. КъыхэгъащІыпхъэщ, волонтёрхэр мыпхуэдэ Іуэху къызэгъэпэщыным и ужь ихьэн и пэ, 2019 гъэм дыгъэгъаззм и 11 - 14-хэм къриубыдэу Эльбрус жылагъуэм щекІуэкІа дерсхэм ахэр зэрыщІар. ЕдгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я мурадыр щалэгъуалэр хэкупсэу къэдгъэхъуныщ, ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм зэрызыхуагъэхьэзыр Іуэхухэм ныбжьыщІэхэр къыхэтшэныщ, волонтёр зэгухьэныгъэм зедгъэужьныщ.

Школ-интернатым къыщызэрагъэпэща джэгу-зэпеуэр унэтІныныгъиплІу гуэшауэ щытащ: «ЩІэблэхэр зэпызыщІэ», «ТекІуэныгъэ Ин», «Ди ТекІуэныгъэхэр», «ТекІуэныгъэм епха хъыбархэр». Абыхэм япкъ иткІэ, ныбжьыщІэхэр зэпрагъэуащ ди къэралым и тхыдэм зэрыхащІыкІыныкІэ. ИужькІэ ахэр яшащ Хэку зауэшхуэм и ветеран зыбжанэм я деж. Дзэтэнэмэ Іэмал иІащ нэхъыжьхэм я гукъэкІыжхэм едэІуэну, Іуэху гуэркІэ защІигъэкъуэну.

Апхуэдэуи школакІуэхэр щыІащ Хэку зауэшхуэм ехьэлІауэ Налшык къалэм дэт «МафІэ мыужьых», «Дзэ щІыхьым и къалэ», «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм щытекІуа зауэлІхэм я щІыхькІэ», 115-нэ шуудзэм хэту зауэ икІи хэкІуэда зауэлІхэм я фІыгъэхэм. Волонтёрхэм сабийхэр щагъэгъуэзащ ахэр къызэрызэІуаха щыкІэхэм, я мыхьэнэм, сыт хуэдэ зэхуэсхэр щрагъэкІуэкІми, нэгъуэщІхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КІуэкІуэ К. В. Федеральнэ казначействэм и унафэщІым и къуэдзэ Михайлик Александр хуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Федеральнэ казначействэм и унафэщІым и къуэдзэ, ди республикэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуа Михайлик Александр.

ЗэІущІэм щыхэпльащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэмрэ Урысейм и Казначействэмрэ зэрызэдалажьэм, ведомствэм и щІыналъэ органым бюджет политикэм, къэрал ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр гъэтэмэмыным и лъэныкъуэкІэ зэфІигъэкІхэм.

ЩХьэхуэу тепсэлъыхьащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщыткъа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъуэр гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырыным хиубыдэу федеральнэ ведомствэм щыІэ ралым и щІыналъэхэм щригъэкІуэкІ Іуэхухэм.

ЖКХ

Лэжьыгъэхэм хуэбэлэрыгъыркъым

Налшык и «Водоканал» Іуэхущ1апІэм лэжьыгъэхэр егутІуу кърехьэлІэ. Мы зэманым абы и бригадэхэр «Горнэ» хьэблэм щыІэщ. Печатым и унэмрэ «Оазис» сату щІапІэмрэ я Іэгъуэблагъэм щыІэ лъэс зекІуапІэм и хъуреягъым ит псы гуэшыпІэхэр, бжьамийхэр зыхуей хуагъаз. Апхуэдэхэм яхэтщ кхъахэ хьуауэ псы къызыдэкІхэри, куда хъуахэри.

КУУУЭ иратІыха кІэнаунэхэм ремонт лэжьыгъэхэр псынщІэу щызэфІагъэкІри, техникэ хьэлъэхэмкІэ зэтес ящІыжащ. А щІыпІэм щыІэ псы жапІэхэр зыхуей щІыхуагъэзам нэгъуэщІ щхьэусыгъуи иІащ - лъэс зекІуапІэм и ижьырабгъумкІэ щаухуэ сабий яслъэм и инженеркоммуникацэ лэжьыгъэхэм щІадзэнущ. Абы ирихьэлІэу ихъуреягъым ит псы гуэшыпІэхэмрэ бжьамийхэмрэ дагъуэншэу щытын хуейц.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м и Правительствэм щыхэплъащ республикэм исхэр псыкІэ къызэрызэрагъэпэщым

Республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр кърихьэлІэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуныжь М. А. иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэр псыкІэ къызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэнымкІэ ведомствэхэм эздай лэжьакІуэ гупым я зэІущІэ.

АБы ЩАУБЗЫХУАЩ цІыухэр ирафын псыкІэ зэблэу къыхэмыкІыу къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ 2020 - 2024 гъэхэм ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм я планыр щызэхалъхьэну икІи къыщащтэну пІаІэр. Псы зрикІуэ бжьамийхэр зэгъэпэщыжыным, ахэр щІэуэ уку ъэдиныным теухуа «Псы къабзэ» щыналъэ проектыр гъэзэщІэным сом мелардитІым щІигъу трагъэкІуэдэну я мурадщ.

ЗэкІэ КъБР-м и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ яГъэхъэзыра проект-сметэ документацэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, а лэжьыгъэхэм текІуэдныр сом мелуан 282-м ноблагъэ. Дызэрыт илъэсым зэманщтэмэ, абы епха сыт хуэдэ зы сурэт цІыкІури е хьыбар зытет тхылъымпІэри тхъумэнырщ. А Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ, афІэкІа апхуэдэ зэи дунейм къыщыдмыгъэхъун, фэри, фи ужькІэ къэкІуэну щІэлэми зауэ ямыльагъун папщІэ», - къыхигъэщащ Амщыкъуэм.

Бахъсэн районым щыщ Хьэтіохъущыкъуей къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм жылагъуэхэм я творческэ гупхэм щрагъэкІуэкІащ «Фэеплъымрэ щІыхьымрэ я махуэ». Ар теухуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и зэманым щІыхубэм зэрахьа хахуагъэм, фронтымрэ тылымрэ зэгъэуІуауэ зэрызэдэлажьам икІи абы и фІыщІэкІэ фашист зэрыпхъакІуэхэр зэрызэхакъутам.

ТЕАТР теплъэ зиІэ гъэлъэгъуэныгъэхэр икъукІэ гъэщІэгъэуну щытащ. Абыхэм къыщагъэсэбэпащ районым и музейм и экспонатхэр, Къулъкъужьн Ищхьэрэ къуажэм гъуазджэкІэ и сабий школым и еджакІуэхэм я лэжьыгъэхэр, ХэтІохъущыкъуей къуажэ библиотекэм игъэхьэзыра стендыр.

Зэхьхьэм щІадзэн ипэкІэ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и Іэтащхьэ Къумыкъу МуІэед, Бахъсэн щІыналъэ администрацэм щапхъакІэ и къудамэм и унафэщІ Тхьэмэдокъуэ Зерэ, Бахъсэн щІыналъэм и щэнхабзэ-зыгъэпсэхупІэ центрым и унафэщІ Тембот Хьэчим сымэ уэз гъэгъахэр тралъхьащ зауэ зэманым хэкІуэда лІыхъужьхэм я къэщхьэм.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

«Фэеплъымрэ щІыхьымрэ я махуэ» ирагъэкІуэкІащ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ



2020 гъэм и япэ мазищым щІыхуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэпІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадз

● КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алийрэ «ФІагъымкІэ урысей системэ» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Протасов Максимрэ дыгъуасэ яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщІэхэм. Абы Іэ щыщІадзащ КъБР-м и Правительствэмрэ «Урысейм ФІагъыр къыззэрыщапщытэ щыкІэр» Іуэхущ1апІэмрэ 2020 гъэм зэрызэдэлажьэну зэгурыІуэныгъэм.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, Мусуков Алий къыхигъэщащ «ФІагъымкІэ урысей системэ» Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къызэрыригъэблагъар.

- Ди зэІущІэм и мыхьэнэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщІагъэкІыр сыт и лъэныкъуэкІи нэхъыфІ, къызыхуэтытыншэ зэрытщІыным зэгъусэу дегупсысынырц, - жиІащ Мусуковым. - Къэбэрдей-Балъкъэр, «Урысейм ФІагъыр къызэрыщапщытэ щыкІэр» мы Іуэхущ1апІэм хуэдэ къэралым нэгъуэщІ щыІэкъым. Абы къэхутэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ икІи Іуэхущ1апІэхэм Іэмал яІэщ фІагъым щыхьэт техуэу къэрал дамыгъэр къратыну. КьищынэмыщІауэ, Іуэхущ1апІэр сэбэп хуэфынущ щыналъэм къыщыщІэдгъэкІ хьэпшыпхэр е ерыскъыкІыр урысей рынокым къыдэкІуэу, хамэ къэрал щІыпІэхэми щызэбгрыгъэкІынымкІэ. Апхуэдэуи фыщІэгъуазэ къыщІэкІынущ къыщІагъэкІым и фІагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къалъытэу гъэ къэс ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм пхыкІхэм Урысей Федерацэм и Правительствэм ахъшэ сауГэт зэрыхуохым.

Протасов Максим къызэхуэсахэм фІэхьусКІэ захуигъэза нэужь, тепсэлъыхьащ 2019 гъэм зэфІэгъэкІамрэ я мурадэмрэ. Абы жиІащ зи унафэщІ Іуэхущ1апІэм хуэдэхэр къэрали 100-м зэрыщылажьэр, Урысей Федерацэм ар илъэси 5 и пэкІэ къызэрыщызэрагъэпэщар. А зэманым къриубыдэу абы Іуэхущ1апІэ мини 2,5-м я фІагъыр кьипщытащ, мы гъэм 400-м хуэдиз къахутэну я мурадщ.

- Хьэпшыпхэм, ерыскъыхэкІхэм я фІагъыр зэтпщытэ къудейкъым, атІэ Іуэхущ1апІэхэм я гугъуехьхэр зыхуэдэмрэ зэрызаужьыфыну Іэмалхэмрэ кьахудогъэльагъуэ. Дыщогугъ абыхэм я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Іуэхущ1апІэхэми дяпэкІэ быдэу дадэлэжьэну. ДызыхущІэкъур зыщ: ди рынокыр едгъэфІэкІуэнырщ, щэхуакІуэхэр арэзы хъунырщ. Кьыхэгъэщыпхъэу кьыщІэкІынщ лэжьэн зэрыщІэкІынымкІэ зэрыщІэзгъэкІ ди щІыналъэм и щэнхабзэ-зыгъэпсэхупІэ центрым и унафэщІ Тембот Хьэчим сымэ уэз гъэгъахэр тралъхьащ зауэ зэманым хэкІуэда лІыхъужьхэм я къэщхьэм.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр еплІанэ зэхохьэ

«ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» (WorldSkills Russia) лъэпкъ чемпионатым и IV щІыналъэ зэхыхьэр Налшык къалэ дэт Уэуакіуэ колледжым мы махуэхэм щекІуэкІащ.

АР къыщыхэІуахым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІым и къудэзэ **Хъубий Марат**, Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и пашэ **Емуз Нинэ**, республикэм цІыхухэр егъэджэныкмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзэщІэ **Къумыкъу Іэуес**, лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкіэ министр **Асанов Алим**, инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкіэ министр **Ащхъуэт Исльам**, узыншагъэр хъумэныкмкіэ министр **Къалэбатэ Рустам** сымэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1анІэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

Ди щІыналъэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм, курыт ІэщІагъэрэ щІэныгъэрэ щызэрагъэгъуэт Іуэхущ1анІэ 30-м щигъум я студентхэм мазаем и 25-м щыщІэдзауэ и 27 пщІондэ ягъэлъэгъуащ унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкіэ яІэ зэфІэкІхэр. Апхуэдэу адыгэ лъэпкъ щІыхухъу фащэр дыныкмкіэ зэпеуащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щыщ ныбжьыщІэхэр.

Мы гъэм зэхаща Іуэхур щІэныгъэ щрагъэгъуэт щІыпІэу 7-м щекІуэкІащ, унэтІныныгъэ 22-м хуеджэ студентхэу 116-рэ зэпеуэм хэтащ. Къищынэмыщ1ауэ, чемпионатым хэлэжьыхьащ эксперту 172-рэ, волонтёру 243-рэ.

УнэтІныныгъэ нэхъыщхьэу «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» (WorldSkills Russia) зэпеуэм плІы къыщахьат. Ахэр: «Ортопедическэ стоматологие», «Чырбыш зэтелъхьэкІэр», «Промышленностыр зи лъабжьэ жыг гъэкІыкІэ», «Зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмысахэм ехьэлІапхъэ гъэсэныгъэ». Зэпеуэм ипкъ иткІэ зыпэрыувэ кьалэнхэр нэсу зэфІахрэ, я Іэдакъэщ1ыкІэр екІуу утыку ирахьэкІэрэ студентхэм яхуІъэкІащ къэпщытакІуэхэр кьыдахьэхьн. Іуэхум хэта ныбжьыщІэхэм кьыхагъэщащ я щІэныгъэр здынэсыр кьахутэныжмрэ я щыщІэныгъэхэм гу лъатэжу ирагъэфІэкІуэныкмкіэ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Чемпионатым апхуэдэу хэтащ КъБР-м и министерствэхэм, республикэм щыІэ предприятэ, компание, фирмэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Фэеплъ пшыхь

Лъэпкъ напэм и хъумакІуэ

Зи бзэр зыфІэмыІэфІрэ зыфІэмыдахэрэ мы щыІэм ди лъэпкъи тету къыщІэкІынкъым. Анэдэлъхубзэм и лъэпкъым игуц, и псэц, зэрыплъэпкъыр зыгъэбелджылы нэщэнэщ. Арац абы хуХаха махуэр гъэлъэпІэным гулъытэшхуэ щІратыр.

МАЗАЕМ и 21-м, анэдэлъхубзэм и махуэм и щрихьэлІэу, илъэс 84 ныбжьым иту дунейм ехьжа еджагъэшхэу, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, Кавказ филологиемрэ этнокультурологиемкіэ ІэщІагъэлІ нэсу щыта, Абхъаз Республикэм - щэнхабзэмкіэ, КъБР-м щІэныгъэхэмкіэ щыІэхь зиІэ я ныбжьыкІуэ, КъБР-м и щыхубэ тхакІуэ Нало Заурбий Мыхьэмэт и къуэм теухуауэ «Лъэпкъ напэм и хъумакІуэ Нало Заур» фІэщыгъэр иІэу Инарыкъуей кьуажэм дэт курыт еджапІэм пшыхь щекІуэкІащ.

Іуэхум хэтащ кьуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ уэзэн и лэжьакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр, жылядэсхэр. Пшыхьыр игъэхьэзырат еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкіэ и егъэджакІуэ Хьэрэдурэ Эммэ.

Лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуэ фІыгъуэр хъумэн и лъэныкъуэкІэ адыгэ псалъэм и пщэ къыдэхуэ кьалэныр зыми хуэмыдажу зэрыиныр фІыщІэу къыгурыІуэрт пшыхьыр зыхуэгъэпса тхакІуэ цІэрыІуэ, щІэныгъэлІ ахъырзэман Нало Заур. А фІыгъуэр абы езыми ихьумащ икіи игъэбзэгъуащ - и кьэхутэныгъэ лэжьигъэ кІуэхмкіэ, и художественнэ тхыгъэ купщІафІэхэмкіэ.

Пшыхьыр кьызэІуахащ езы щІэныгъэлІ щэджащэр кьыщыпсалъэ видеотеплъэгъуэкІэ. КьыкіэлъыкІуэу Нало Заур теухуауэ Хьэлупэ Джэбрэйил итха «Къыу закъуэ» усэм утыкум кьыщедджащ.

ИужькІэ зэІуцІэр езыгъэкІуэкІынухэр утыкум кьихьэри, макъамэ щабэ кьеуэщ Іуэхур ирашэжьащ. Кьызэхуэсахэм ягу кьагъэкІыжащ Налом и гъащІэ купщІафІэр, ирихьэкІа лэжьыгъэхэр, и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхыгъэхэр, абыхэм ягъуэта гулъытэр. ЖаІэхэм щыхьэт теХуэу пэшым щІэсхэм нэрылъагъу щащІым мурадкІэ кьагъэлъагъуэрт «Лъэпкъ напэм и сурэт» фІэщыгъэр иІэу ягъэхьэзыра презентацэри.

Налом и тхыгъэхэм ящыщу адыгэ лъэпкъ псом щыщІэрыІуэ, усакІуэшхуэ Щоджэнцыкіу Алий фэеплъ ящІа и «Щыхуэ напэ» балладэм щыщ пычыгъуэ утыкум кьрахьат еджакІуэхэм. Апхуэдэу пэщІдзэ классхэм щеджэхэм Заур зэридзэкІа Перро Шарль итха «ПыІэ плъыжь щыкІу» псысэри теплъэгъуэ щхьэхуэу кьагъэлъэгъуащ.

ЩІыхь зыхуэфащэ уэзщакІуэ телъыджэр, Іуэрыіуэтэджыр, лъэпкъым и хьугъуэфІыгъуэхэр зыгъэбзагъуа адыгэ еджагъэшхуэр куэдым кьызэрацІыхум, пщІэ кьызэрыхуащІым, и тхыгъэхэм куэд зэрыщІыгъуазэм, ахэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм зэрадджым и щыхьэтщ Налом щхьэкІэ цІыхухэхэм жаІахэри. ЕджакІуэхэр пшыхьым кьыщеджащ филологие щІэныгъэхэм я кандидат Къэжэр Хьэмид, филологие щІэныгъэхэм я доктор Гъут Іэдэм, тхакІуэ Пкъыуэжь Нелли, тхыдэдж, тхакІуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Екъутэныдж Хьэсэн, усакІуэ Пщыкі Латмир, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ Къаныкъуэ Заринэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ Истэпан Залинэ сымэ ятхахэм.

9 - 11-нэ классхэм щІэсхэр адэкІэ чэзуэу макъамэ щабэ щІэту кьеджащ Налом и усэхэм. Балигъхэм яхуитхахэм я мызакъуэу, утыкум щыІуащ сабийхэм яхуэгъэза статырхэри. Щортэн Аскэрбий, Кьардэнгъущ1 Зырамыку сымэ я гъэсэу Нало Заур зэхуихьэсыжа уэрэдыжьхэм ящыщ пшыхьым щыжиІащ кьуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ уэнэм и унафэщІ Шэрий Исльам.

- Заур лъэпкъым хуиІэжьа псом утепсэлъыхьыж, утетхыхьыж щІэбдзэмэ, махуэ бжыгъэкІэ ихьинуц, апхуэдиз хьугъуэфІыгъуэ адыгэм кьытхуигъэнащи. Ар зымыгъэкІуэдыжу зыгъэбзэгъуэн, езыгъэфІэкІуэн, зыхъумэн Тхьэм дищІ! - жиІащ зэІущІэм и кІэухыу къэпсэлъа Хьэрэдурэ Эммэ.

Пшыхьыр кьызэрызэІуахам хуэдэу, Нало Заур ешхьэ къэпсалъэу иту етІуанэ видеотеплъэгъуэмкіэ ар зэхуащІыжащ.

КУРПЫГЪУ Синэ.

● Тхылъыщ1э

КІыщокъуэ Алим и усэ къыхэхахэр

Усакіуэшхуэр илъэси 105-рэ щрикъум ирихьэлІэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм КІыщокъуэ Алим и усэ къыхэхахэр зэрыт тхылъыщІэ къыщыдэкІащ. Абы ихуащ усэ куэдрэ поэмищрэ.

АДЫГЭ усыгъэр зыфІэфІхэм «щхьэж езым и КІыщокъуэ иІэжщ», - жыпІэмэ, ущыуэну къыщІэкІынкъым. Анэдэлъхубзэм и къарур нэхъ лейуэ зыхэзыщІэм дэтхэнэ усакІуэ цІэрыІуэми и Іэдакъэщ1ыкІхэм езым нэхъыфІу яхилъагъукІа сатырхэр зэрыхэтым шэч хэлъкъым. А бгъэдыхьэкІэр уолъагъу мы тхылъыр зыгъэхьэзырахэм я лэжьыгъэм ущриплъэкІэ. Екіупсу «Уэрэдгъэшэс» зыфІаща къыдэкІыгъуэм тхыгъэм хэти и бзэгупэм къыпылъадэ КІыщокъуэм и усэхэм къадэкІуэу, «Адэ», «Бажэ пшыно», «Елбэздыкъуэ» поэмэхэр ихуащ.

Тхылъым и япэ напэкІуэцІкІэр зауэм теухуа сатырхэм къызэІуах. Абыхэм къакІэлъокІуэ унагъуэм, хэкум, лъэпкъым, дунейм и дахагъэм, усыгъэм, гъащІэм и нэщэнэхэм ятеухуа сатырхэр, ауанышІ усэ кІэщІхэр. Езы усакІуэр къопсэлъыпІэу къыпфІощІ, и усэхэмрэ абыхэм къеджэхэмрэ гуапэу зэрызахуигъазэ пычыгъуэхэм укъыщеджэкІэ:

Урекіуэ шууи, уеблэм лъэсуи - Сэ сфІэфІт си усэр хэмыкІуадэу, Ущигуфіэгъуэм, гуауэ плъысым – Нэбжьыщым нэпсу къыпылъадэм.

Сокъур Мусэрбий и жыІэкІэкІэ, усэ «къыпыж-ныпыжхэм» уи гулъытэр щакудэ зэманым КІыщокъуэ Алим и сатырхэм урипІэжьныр, ахэр уи гъэтІылъытэжьхэм яхэлъыныр адыгу зозыгъэпъытэж, уи бзэм пщІэ хуэпщІын зэрыхуейр уигу къэзыгъэкІыж щхьэусыгъуэщ.

Тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и тыкуэным къыщывгъуэтынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

75

Гулъытэ хэха хуэныкъуэщ зауэм и бынхэр

Хэку зауэшхуэм цІыхубэм хьэзабу къахуихьам нэмыщІ, абы и Іэужьыр зыжьыхэуахэм ящыщ сабийхэри. Сабиигуэм и пІэкІэ махуэ кьэс лэжьыгъэ гугъу, пкъыкІи псэкІи и мычэзуу балигъ уищІу, яшчащ абыхэм. Губгъуэ лэжьыгъэр псоми я зэхуэдэт: щы гектар минхэр къэтІын, мэкъур зэпхын, гъавэр къехьэлІэжьын хуейт. Ахэрат нэхъыжьхэм я дэІэпыкъуэгъу нэхъыщхьэр. Тыншакъым, дауи, зауэ лъэхъэнэм зи сабиигъуэр хиубыдахэр. Уеблэмэ, ари абыхэм ХуАуригъэупщІыІуэжат.

ХЭКУМ и хъумакІуэм и махуэм ирихьэлІэу, Бахъсэн кьалэм и Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэу Нэгъуей Валерэ, Абазэ Алим, Кьамбий Гъумар, прогимназие №3-м и унафэщІ Хьэщпакъ Маринэ, абы и къуэдзэ Бещто Маритэ сымэ 1-нэ класс «б»-м щІэс цІыкІуэр (класс унафэщІыр Джэрыджэ Раисэщ) я гъусэу, иджыблагъэ хуеблэгъащ тылым и лэжьакІуэ Кьаскъуэл Къэралбий ТІалиб и къуэм. Бахъсэн районым хьихьэ Ислъэмей кьуажэм къыщалъхуащ ар, икіи и ныбжьыр илъэси 9 хьууэ Хэку зауэшхуэр кьэхъеящ. А зэман хьэлъэм теухуа и гукъэкІыжхэр нэхъыжьым нобэр кьыздэсым щыгъупщэркъым.

Кьаскъулхэ я унагъуэр кьуажэм фІыуэ къыщацІыху, пщІэ къыщыхуащІ. Къэралбий лэжьэхункІэ кьуажэ колхозым хэтащ. Уи гуащІэм кьыпэкІуэм и уасэр абы идджыри цІыкІуу зыхиущІэну хунэсащ, зауэм дэкІа цІыхухъухэм я пІэкІэ я бынхэр кьыщынэм. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ нэхъыжьхэм кьратми, Къэралбий егугъуу, жуаплныгъэ хэлъу игъэзащІэрт.

Мэкъумэш Іуэхур къэІэтыжьнми Кьаскъулыр жьыджэру хэтащ. Абы и цІэр сыт щыгъуи ябгъурытт лэжьакІуэ нэхъ пашэхэм яйм, и ехьулІэныгъэхэр наІуэ кьищІу. Абыр и щхьэгъусэ Женэрэ биний эдэлапІащ - пхъуиблрэ зы къуэрэ. Ахэр хущІэкъуащ езыхэм хуэдэу я бынхэри лэжьакІуэшхуэу, щІыкІу тэмэму къызэрыхъуным. ЩІэблэм яухуэжа унагъуэ щхьэхуэхэм зэгурыІуэрэ хабзэрэ зэрилъыр и щыхьэтщ щапхъэфІу я адэанэр зэрапІар. Ди жагъуэ зэрыхъунци, нэхъыжьым гуауэшхуэ илъэгъащ, и щхьэгъусэмрэ и пхъуитІымрэ илъэс зыбжанэ и пэ дунейм ехьжри.

Нобэ Къэралбий ягъэгушхуэ къуэрылъху-пхъурылъхуэхэмрэ абыхэм кьащІэхъуэжахэмрэ (ахэр поори зэхэту 40-м щІегъу). И къуэ Хьэмидий щІым елэжьыныр Іэщ1агъэу къыхихьжащ. Ар агроном нэхъыщхьэу лэжьащ, «Ислъэмей» мэкъумэш Іуэхущ1апІэм и унафэщІу щытащ. Мы зэманым Бахъсэн районым мэкъумэш ІэнатІэмрэ щы Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІщ.

Къэралбий къыхуеблэгъа ныбжьыщІэхэм яжриІэжащ зауэ гущІэгъунщэм и зэранкІэ гугъуехьуэ яшэчар зыхуэдэр. Абы и гукъэкІыжхэм сабийхэр гупсэхуу едэІуащ, упщІэ куэди иужькІэ нэхъыжьым иратащ. Псом хуэмыдэу ахэр щІэупщІэрт езыхэм я ныбжьым ситтым сыткІэ ар абыхэм кьащхьэщыкІыу щытами, сыт хуэдэ лъэхъэнэр нэхъыбэрэ игу кьэкІыжми, нэгъуэщІхэми. ЦІыкІухэм я Іэкіэ ящІа сурэтхэр тхьэмадэм тыгъэ хуащІащ.

ДЖЭРЫДЖЭ Раисэ,
Бахъсэн кьалэм дэт прогимназие №3-м и егъэджакІуэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 1, тхьэмахуэ

♦Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ
♦СПИД узыфэр зыпкърытхэм ящымымэхъэшэным и дунейпсо махуэщ
♦Гуапагъэ зэжеІэным и дунейпсо махуэщ
♦Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и къэпщытакІуэ-криминалистым и махуэщ
♦1722 гъэм Урысейм и пащтыхь Пётр Езанэм Іэ щІидзащ пщыхэм Іэмал имыІэу къэрал къулыкъу ящІэн хуейуэ яхуэзыгъэуву щыта хабзэр къутэжным теухуа унафэм.
♦1810 гъэм император Александр Езанэм унафэ ищІащ Абхъазыр Урысейм хагъэхьэну.
♦1869 гъэм химик цІэрыІуэ Менделеев Дмитрий пкъыгъуэхэм я таблицэ зэхэлъхьэн хуащІ икіи ар къыдэгъэкІыным яужь ихьащ.
♦1873 гъэм США-м щыІэ Ремингтонхэ я фабрикэм къыщыщІагъэкІыу щІадзащ зэрыбкІэ зэрытредзэ яІэ машинкэр. Ар къагупсыат Шоулэ Кристоферрэ Глидден Джоэсефрэ.
♦1947 гъэм къызэрагъэпэщащ Дунейпсо Валютэ Фондыр.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ, уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым градус 1 - 2 щыхьунущ.

Гъатхэпэм и 2, блыщхьэ

♦МафІэдзым и дунейпсо махуэщ
♦1949 гъэм Щым и хъуреягъыр кьемыгІысхэу япэ дыдэу кьалъэтыхьащ. Галлахер Джеймс зэрыса кхъухьлъатэм а гъуэгуанэр сыхьат 94-рэ 1 дакъикъкІэ зэпичащ.
♦1983 гъэм дунейм щыяпэу щагъэлъэгъуащ компакт-дискыр.
♦1563 гъэм кьалъхьащ урыс пащтыхь Грознэ Иванрэ Гущэнэрэ (Мариерэ) я къуэ Василий.
♦Тхыдэдж, Кавказым и этнограф **Люлье Леонтий** къызэралъхурэ илъэс 215-рэ ирокъу.
♦Адыгей усакІуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Андырхъуей Хъусен** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 7, жэщым щыІэр градус 1 - 2 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
КЪЭХЪУН Щэлэуатщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ущытхъущэмэ, пхуэубыжынкъым.

● Волейбол

Джылахъстэнейхэм кубокыр яхь

Афганистаным щыхэкІуэда, зэрихьа лІыгъэм папщІэ Вагъуэ Плъыжь орденыр мыпсэужу зыхуагъэфащ Нэгъэщу Хьэсэнбий волейболымкІэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ ар къыщалъхуа Къэхъун куажэм щекІуэкІащ.

КУРЫТ еджапІэ №91-м и спорт пэщым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм къызэхуишэсат Тэрч щыналъэм и Хьэмидей, Аруан куейм хыхьэ Нарткъалэ, Шэрэдж Ищхъэрэ жылэхэм, Лэскэн районым щыщ Ташлы-Тала куажэм, республикэм и кьалащхьэм и «Налшык пощт» Іуэхущ1апІэм кьикІахэмрэ хэгъэрейхэмрэ.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къэкІуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэмкіэ зыхуагъэзащ Къэхъун куажэ адміністрацэм и Іэтащхьэ Тамадэхъу Леонид, курыт еджапІэ №91-мрэ №2-мрэ я директорхэу Хьэхъупащ1э Іэминрэ Джатокъуэ Хьэуелэрэ, Афган зауэм и ветеранэм я Урысей союзым Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэ къудамэм и техьамадэм и къуэдзэ Котлов Василий, «Кавказ гъунапкъэ» къэпльыхьуакІуэ гупым и Іэтащхьэ Цибин Виктор сымэ.

Зэхьэзэхуэм и судьи нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин ар зэрыдбзыхуа щыкІэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ. Командэ щырыщ зыхэт гупитІым щытекІуэхэр кІэух зэІуцІэм щыщІэбзыныт Нэгъэщ1ухэ ягъэува саугъэт нэхъыщхьэм.

Махуэ псом гуащІэу екІуэкІа зэпеуэм зыхэта гупхэм текІуэныгъэр къыщахьащ Ташлы-Таларэ Хьэмидейрэ къикІахэм. КІэух зэІуцІэм абыхэм бэнэныгъэ гуащІэ зэхаублащ. ДжэгугъуитІым яужькІэ ахэр зэрытегъэкІуакъым. Ещанэм Джылахъстэнейм къикІахэм кьару нэхъыбэ кьаззэрыхузнар наІуэ кьищІащ икіи 2:1-уэ ахэр я хьэрхуэрэгъуэхэм ефІэкІри, Нэгъэщу Хьэсэнбий и зэІэпах фэеплъ кубокымрэ саугъэт нэхъыщхьэмрэ зыІэрагъэхьащ.

Ещанэ увыпІэм ириззныкъуэкъуащ «Урысейм и пощтымрэ» Къэхъунымрэ я волейболистхэр. Хьэщ1экъэ хэгъэрейхэм абы щефІэкІащ.

ТекІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ фэеплъ кубокыр, дипломэр, медалхэр, ахъшэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащІыжьым абы хэтахэм фІыщІэ хуащІу, дяпэкІи ехьулІэныгъэ яІэну ехьэхъэхуу къэпсэльащ илъэс щэщІрэ хуэдэ хъуауэ (!) а Іуэхум сыт щыгъуи и къызэгъэпэщакІуэ емызэшыж, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм кьыбгъэдэкІ Щ1ыхь тхылъыр а махуэм зыхуагъэфащэ Гулэжьын Бесльэн, фэеплъ зэпеуэр зи цІэкІэ кьызэрагъэпэщащ щІалэр кьызыхэкІа лъэпкъым и лІыкІуэ Нэгъэщ1у Руслан сымэ, нэгъэщ1ащэр. Абыхэм кьыхагъэщащ мыпхуэдэ зэпеуэхэм щІалэгъуалэр хэкупсэу, узыншэу кьызэрагъэтэджыр икіи мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

Зи гугъу тщІа зэхьэзэхуэр екІуу кьызэгъэпэщащ ныбжьыкІэ и кІи егъэкІуэкІыныкмкіэ дэІепыкъуэгъу нэс хъуахэщ Къэхъун куажэм и техьамадэ щІэныгъэ и къудамэ щІэщІ Нэгъэщ1ухэр я лъэпкъымрэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Сурэтым: **зэхьэзэхуэм бжыпэр щызыубыдахэр.**

● Бэнэкіэ хуит

ЩІыналъэ зэхьэзэхуэм щытокІуэ

Белореченск къалэм щызэхэтащ Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм бэнэкІэ хуитымкІэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ 2003 - 2005 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІи 120-м нэблагъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакІуэхэм щІыналъэ зэхьэзэхуэм медаль зэмылІэужьыгъуи 4 къыщахьащ.

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 80-м нэблагъэхэм я гупым пашэныгъэр щиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ростов областымрэ я цІэкІэ утыку къихьэ **Бажэ ТІэхьир**. **ТыІэщ Къантемыр** (КъБР-Адыгей) килограмм 51-м нэблагъэхэм я дежь дыжьынымрэ къыщихьащ. Домбеякъ медалыр зыІэрагъэхьащ **Къазий Багъратрэ** (кг 65-рэ) **Пекъу Абдулыхьрэ** (кг 92-рэ). ТІури Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я цІэкІэ мэбанэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щалэгъуэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луизэщ

БЕЩТО Албэч: Щапхъэу укъэнэн хуейщ утыкум уикlыжа нэужьи

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр ди зэманым зыгъэбжьыфlэ къэфакlуэ нэхъ пажэхэм ящыщщ Нартан къуажэм къыщалъхуа Бещто Албэч. Ар ди хьэщlэщым къедгъэблагъэри, упщlэ зыбжанэкlэ зыхуэдгъэзащ.

- Лъэпкъыр дызэрыгушхуэ къэфакlуэ гупым дауэ ухыхьа?

- Сызэрысабийрэ а гуп цlэрыlуэм и къэфакlуэхэм садэплъейуэ сыкъэхъуауэ жыпlэ хьунущ. Зэныбжьэгъуэхэр дыззэхэмэ, ансамблым и пшыхьхэмрэ къафэхэмрэ видеокlэ къэтлъыхьуэурэ деплъыкlт. Апхуэдизкlэ абыхэм я гъуазджэм сыдикъэхати, «Кабардинка»-м сыщыхьхьэм, и тхыдэмэ ягъэзащlэ къафэхэми зыщыщзгъэгъуэзагъэхэт, гъэсакlуэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкlэми набдзэгубдзаплъэу сыкlэлъыплъат.

- Сыт хуэдэ къэфэкlэхэм нэхъ уэзlэпашэрэт, Албэч?

- Нэхъыбэу уэркъ къафэращ сыт щыгъуи адрейхэм я къахэзгъэщхьэхуакlыу сфlэфыр. Куэдрэ сеплъыт а къафэжьыр иджыпсту ансамблым и гъэсакlуэ Битокъу Аслъэнэбч утыкум зэрыщигъэзащlэм. Пэжым ухуеймэ, уэркъ щlалэ зыхуэжа1эу щытрат и щапхъэ нэсу ар слъагъурт, утыкум зэритымкlи и дуней тетыкlэмкlи. Адрей лъэпкъ къэфэкlэхэр згъэпудыну сыхуейкъым, ауэ си гур эзтар адыгэ къафэращ.

- Апхуэдэ гукъыдэжыр уиlэу укъэхъуамэ, къафэм зыхуэбгъэсэн щыщlэбдзар сытым деж?

- Курыт еджапlэр къздухьным зы илъэс иlэжу, ди класс унафэщlым къафэмкlэ гупжьей къызэгуихати, абдеж щегъэжьащ. Иужькlэ КъБКЪУ-м и физико-математикэ факультетым сыщlэтlысхьэри, еджапlэ нэхъыщхьэм щызэхэт «Къафэ» цlыхуб ансамблым сыхьхьащ. Си насыпт къихьауэ къызолъытэ, абы къыщысцlыхуащ «Кабардинка» гупым и унафэщl Атэбий Игорь. Абы и дерсхэм сыкlуэн щlэздзэри, сызэрыцlыкlуэрэ сызыщlэхъуэпсам зы лъэбакъуэшхуэ хуэсчауэ къэслъытащ. Къафэм ехъулlэныгъэ гуэр щызиlэну а зэманым сегупсысыртэкъым, сфlэфl Іуэхум сызэрелэжьым гукъыдэж къыхсихльхьэ фlэкlа. Ауэрэ, къафэм тетхуауэ сиlэ хьэрэспапlэр сызыхуущlэкъу мурадхэм ящыщ хьуауэ.

Илъэсих хуэдэкlэ зызгъэса ныжь, «Кабардинка» ансамблым къафэкlуэхэр къызэрыхихыр зэхэсчащ. Пэжыр жысlэнщи, а зэманым ирихьэлlэу къафэм и купщlэ псори къэсщlауэ къыщыщхьуртэкъым, ауэ си зэфlэкl сеплъыжьыну сыхуэпабгъэрт. Ансамблым и унафэщlхэм фlыщlэ яхузощl, си къару сызэремыблэжьыныр я фlэщ хъууэ, я дзыхь къызэрызагъэзам папщlэ.

- Иджы, дауи, къэфакlуэ нэхъ пажэхэм уащыщщ.

- Къафэм махуэ къэс утелажьэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкlэ иджыри куэдкlэ зызужьыпхъэу къызолъытэ. Гугъуехь пылъ абы жыпlэмэ, шэч хэмылъ, пылъщ. Ауэ ар сфlэфl гугъуехьхэм ящыщщ, уи къарур здыныкъуэр уигъэльэгъужу, хэмурэ зыуигъэlэту. Цlыху псоми къыдалъху Іэщlагъэр къаГъуэтыжу къахуихуэркъым. Сэ мы Іуэхум сигури си псэри етауэ, сфlэгъэщlэгъуэну сыхэтщи, срогушхуэ абы. Лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуэтщlыфмэ, дыкъызыхэлам сэбэн дахуэхъумэ, нэхъыбэ дыхуейкъым.

- Гупым уэхту сыт хуэдэ щыпlэхэм зыкъыщыбгъэлъэгъуа, Албэч?

- «Кабардинка»-м сызэрыхэтрэ пшыхь щытта утыкуэхэм ящыщу нэхъыбэу сигу кьинэжар Израилым хьыхь Кфар-Камэ адыгэ къуажэм зыкъызэрыщыдгъэлъэгъуарщ. Иджыри къызэдэсым тщыгъупщэжырыкъым абы щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр къызэрыпlущlар. Адыгэпсэ защlэт! Кфар-Камэ щызэгъащlэгъуар абы дэсхэм я щlэблэр щыщlыкlым щегъэжьауэ адыгэбзэр зэрырагъащlэращ. Жысlэнращи, жылэм дэсхэр псори я анэдэлъхубзэмкlэ мэпсалъэ. Адыгэм сыт щыгъуи къафэр къыдэгъэуэгурыкlуащи, хамэ щыпlэ щыпсэныр къахуихуами, ди щlэхабзэри я гъэзэкlуэдыжьыкъым, езым я къафэкlуэ гупхэр къызэрагъэпэщыжауэ. Я1щ, лъэпкъ зэхуэсхэр ирагъэкlуэкl. Нэхъыжьымрэ хьэщlэмрэ сыт щыгъуи ди лъэпкъым пщlэ лей хуищlу къызэрыгъэуэгурыкlуам дэ дыкъыщlагъэтэджыкlащи, а псори абы щытлъэгъауэ. Жыжьи къикlащ жалэу, къыгъуащlэр яфlэмащlэу «Кабардинка»-р дагъэтащ.

Тырыкъм тlэу кощlэт щыттащ. Абыи ди къэушхэм гуапэу дыщрагъэблагъащ, «Кабардинка»-р куэд щlауэ ди хьэщlатlэкъым, дыфхуэзэшат, жалэрт.

- Къафэмкlэ уи гъэсакlуэ нэхъыщхьэ дыдэу къэпlыпlэр хэт?

- Сэ куэд, къызэдалэжьащ. Зэрыжысlауэ, курыт школым къыщыщlэздзэри, абдеж Къущхьэ Сусанэ сигъэсэн щlидзащ. Адэкlэ Атэбий Игорь, Бжьыхьэлl Замир, Битокъу Оксанэ сымэ, «Кабардинка»-м сыкlуа нэужь, Битокъу Аслъэнбэчрэ Атэбийрэ къызыщlэлажьащ. Дэтхэнэми ар и дуней тетыкlэ, Іэху епlъыкlэ хъуми, щlатхьэ туэр схуэхъун къаэхэсащ. Си насыпу къызолъытэ апхуэдэ цlыхухэм сызэрыхьэлар.

- Ди лъэпкъ къафэхэр зыгъэзащlэм, адыгэ фащэр щызытlагъэм и пщэ къыдэхуэ жэуаплыныгъэр зэрынэхъыбэр зыхэпщlэрэ?

- Пэжщ, абы уи хьэл-щэнри епсыхь. Хэт ищlэрэ, кlуэ пэтми нэхъ балигъ уэрэрыхъум и нэщэнэу аратэнкlи хъунщ, ауэ мы Іэщlагъэм епха сызэрыхьурэ нэхъ куууэ гупсысэм щlэздзащ. Битокъу Аслъэнбэч псом я дыдэу къыджиlауэ щытащ: «Кабардинка»-м фи гъащlэрефхамэ, адэкlэ фыщхьэхуитыжкъым. Зыщlыпlэ деж емыкlу къыщыфхьи фыщызэрани хъунукъым. Лъэпкъыр къывоплъ, адыгэм я набдзэу фыкъалъытэ». Пэжыр жысlэнщи, абдежщ нэсу къыщызгурыlуар цlыху кэсэ къалэн пыухыкlа и пщэ зэрыдзэтыр, нэхъ балигъ хуъхуу, уи ужь ит щlэблэр къыщыбдзапlэеин щапхъэ гуэр ухъуным зэрыхуущlэкъупхъэр.

- Щlэныгъэ зэрыщэбгъэгъуэта Іэщlагъэм и гугъу пщlымэ-щэ?

- Мы зэманым абы сегупсысыркъым, ауэ сызэреджам сыхущlегъуэжыркъым. Цlыхум Іэмал имыlэу щlэныгъэ иlэн хуейуэ къызолъытэ. Уи къэухьым зэрыхигъахъуэм къищынэмыщlа, хэт ищlэрэ, ар къыпщхьэпэжыныр къыщlэкlынщ зэгъэр.

- Сызэрыщыгъуаз эмкlэ, адыгэ къафэмкlэ школ къызэlуфэхащ. Ар хэт зи жэрдэмыр?

- Илъэсиплl и пэ, зэныбжьэгъуэр дыщыщу, ди ныбжьэгъуфl Битокъу Наурkey чэнджэщ къыдитауэ щытащ щlалэгъуэлэр къафэхэм Іэгъэсэным ди къару дыщеплъыжьыну. А мурадыр защlэу дигу ирихьри, Шэрджэс Мухьэмэдэр сэрэ къызэlутха хъуащ апхуэдизкlэ школ. Къапщтэмэ, ар къызэlухьныр Іуэху тыншкъым, псом япэраеу, уи зэфlэкlыкlкlэ езыр узыхуэзарэзыжу щытын хуейщ. Зэрыхъум деплъыну къызэlутха хъуами, мы зэманым а Іуэхур къыдэхъулlэу сеплъ, цlыху къакlуэхэм я бжьыгъэм тепщlыхьмэ. Къэбгъэпсыгъагъэмэ, иджыпсту я ныбжькlэ зэщхьэщыхьауэ гупитlым дадолажьэри, псори зэхэту цlыхуи l00-м нэблагъэ диlэщ.

Къафэм хабзэ куэд епхащ. Укъэфэру зыбгъэсэныр зыщ, ауэ утыку уикlыжа нэужьи абы хуэфащэу дунейм утетыпхъэщ. Мис апхуэдэ гупсысэхэри ди гъэсэнхэм яхэтлъхьэну дыхущlокlу. Сабий нэхъ щlалэхэм ядэлэжьэну къедгъэблагъащ Батхэ Маринэ. Уэрэкъ къафэмрэ къафэ кlыхьымкlэ къыщlыдогъадзэ, къыкlэлъыкlуэу джэгу къафэр, лъапэрисэр, убых лъапэрышэр, ди къуэш абхъазхэм я къафэкlэр ядогъащlэ. Ансамблым хьыхьэн дгъэхьэзыру аракъым, джэгум, хьэгъуэлlыгъуэхэм утыку щихьэфын хуэдэу, абы екlуу зэритыныр аращ мурадэ зыхуэдгъэзывыжьр.

- Упсэу, Албэч. Фи мурадхэр къывзхъулlэну ди гуапэщ.

Епсэльар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лэжьыгъэр гурэ псэкlэ къыхэзых

КъБР-м и Щlалэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкlэ и министр, Къалэн куэд щагъэзащlэ центрым и лэжьа- кlуэ Хьэгъэжей Иринэ диплом плъыжькlэ кьиуэщ КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр (иджы Архитектурэмкlэ, уэхэныгъэмрэ дизайнмкlэ институтыр). Жылагъуэ Іэхуэхэм дихьэх хьыджэбзыр университетым щlэсыху хэтащ Студентхэм я зэгухьэныгъэмиі. Абдеж къыщыщlэдзауэ Хьэгъэжейм къеХуэлlэу къызэрегъэпэщ щэнхабзэ, жылагъуэ, цlыху куэд щызэхуащэс нэгъэщlу Іуэхухэр.

- СТУДЕНТ зэгухьэныгъэм сызэрыщlар си дежкlэ щхьэпэщ. Лэжьыгъэ убэныкlэр зззгъэщlащ, цlыху куэд къэсслъхуащ, - жеlэ Иринэ.

Къыхиха Щlалэгъэм пэрыуба щхьэкlэ (Налшык Іэфыкlэхэр щащl Іуэхущlапlэм фlагъэкlи къыщlипщытэу), куэд дэмыкlыу хьыджэбзым къыгурыуащ ар зэримылэжьыгъэр.

- Еджапlэ нэхъыщхьэр къыщызохьым, си Іуэху епlъыкlэр нэгъэущlу щытащ. Къэслъытэрт балигъ сыхъуауэ икlи схуэфэщэн Іэнатlэр кабинет лэжьыгъэм епхауэ щытын хуейуэ. Арати, Налшык къалэм и щlыпlэ администрацэм и къудамэм мазихкlэ сыщылэжьащ. Арщхьэкlэ а Іэнатlэри къэзгъэнащ. Хьыпэрыт лэжьыгъэр гурэ псэкlэ къыумыщтэжэ, абы ущехъупlэнукъым. Сэ сыт щыгъуи щlэ гъэрым сыхуопабгъэ, зыузжьыну сфlэфlщ.

Иринэ и Іэнатlэм зыкъыщыщигъуэтыжар Къалэн куэд щагъэзащlэ центрым щылэжьэну кlуа нэужьщ. Пэ дыдэуи и пщэ къыдэхуа къалэныр «Студент гъатхэ» зэхьихэр Налшык къыщызэгъэпэщынрати, и зэманри къаруи еблэжакъым.

Хьэгъэжей Иринэ 2018, 2019 гъэзэм хэтащ «Мэшыкlуэ» щlалэгъуалэ зэхьихэм икlи тlэуми ахъшэ саугъэт къыщихьащ. Езым зэрыжиlэмкlэ, абы къыщигъэлъэгъуа проектыр зи жэрдэмыр и дэлъху Елдарщ (щlалэр Ставрополь щыпlэ СКФУ-м щоджэ, абы щызэхэт «Горец» цlыхубэ ансамблми и унафэщlщ). Республикэм икlа нэужьщ щlалэм гу лъитэ щыхьуар щlалэгъуалэм я анэдэлъбзэр тэмэму къызэрамыгъэсэбэнын. Адыгэбзэр хэлъщlыу ищlын мурад иlэу, абы фэилъхьэгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэр иригъэдын щlидзащ, адыгэбзэ псалъэхэр тету.

Иринэ и дэлъхум и мурадыр диlыгъащ икlи абы теухуауэ «Мэшыкъуэм» хуиГъэхьэзыра проектыр щыпхыкlым, щыгъэнхэр щадыну цех къызэlуахащ, «Хасэ» фlэщыгъэр иlэу. Іуэхущlапlэм зрагъэужьын папщlэ, къыкlэлъыкlуэ илъэсым Иринэ и етlуанэ проектыр игъэхъэзыри, абы къыпэкlуа ахъшэмкlэ школхэм щедгъэ ныбжьыщlэхэр я лъэщапlэм къарагъэблагъэурэ мастер-классхэр драгъэкlуэкlащ. А Іуэхум къыхащащ КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкlэ и факультетым щеджэхэри.

Щlигъэнкъм тетыну псалъэхэр хэщlыпыхьауэ къыхах ныбжьыщlэхэм. Абы щlэлъ гупсысэри Инстаграмым и напэкlуэцlым къыщlаlуэтэж. Я1пэ дыдэу мазэ, дыгъэ, гупсысэ, Хэку псалъэхэр зытет плlэхэр ядащ.

Хьэгъэжей Иринэ зэман гъунэгъум къызэlуихыну и мурадщ зэхьихьэхэр, пшыхьхэр езыгъэкlуэкl цlыхухэр щагъэхьэзыр школ. Абы къызэрилъытэмкlэ, иджыпсту щlалэгъуалэр апхуэдэ лэжьыгъэхэм къыхэшэн хуейщ, утыкум щымыукlытэу, я гупсысэ нэхъ тегушхуауэ къагъэльэгъуэфу есэн папщlэ. Псом хуэмыдэу хьыджэбзым кьелъытэ районхэм щlыпlэ ныбжьыщlэхэм гулъытэ яхуэщlыпхъэу.

Иринэ езыр хэтащ Школакlуэхэм я урыгеийпсо зэгухьэныгъэм Анапэ щиlэ «Смена» центрым гъэ къэс къызэригъэпэщ егъэджэныгъэ Іуэхум. Хьэгъэжейм ныбжьыщlэхэм дерсхэр ядригъэкlуэкlащ, оратор гъуазджэм хигъэтуаззу. А школым ипкъ иткlэ, щыlащ Ставрополь къалэм, Шэщэным, Ингушым, Дагъыстэным. Хьыджэбзым иджы къыгурыlуащ цlыхухэм ядэлэжьэныр, яхэтыныр игу зэрыригъхьыр, дэрэжэгъэу къызэрыритыр.

- Щlалэгъуалэм заужьныем теухуауэ Іэмалхэр районхэмрэ къуажэхэмрэ щыпхъэ мащlэщ. Абы къыжкlыу ахэр гъащlэм зыгъэркlэ къыхэтшэну дыхущlокlу, ди зэхуэсхэм къыдогъэблагъэ, - кlыдудогуашэ Хьэгъэжейр. - Псалъэм папщlэ, си лэжьэгъу Жабеловэ Гульнарэ и жэрдэмкlэ, «Про творчество» зэхьихэ иныр едгъэкlуэкlауэ щытащ, цlыху куэд къызэщlедгъэубыдэу. Абы зэщlигъэуlуа гупым сыхэту, районхэм дыкlуэурэ зэфlэкl зиlэхэр къыхэтшащ, ахэр республикэ зэхьэзэхуэм хэдгъэтащ. Апхуэдизкlэ я нэр зэрыпlыдыр пльэгъуа и ужькlэ, нэхъыбэж пщlэну утрегъэгушхуэ. Дызытепсэлъыхь проектхэр республикэм щыlэн хуейщ, щlалэгъуалэм я зэфlэкlкlэ къагъэльэгъуэфын е, сэ сщlэрэ, зэрыщlыхун папщlэ. Зыми и жагъуэ сщlыну сыхуейкъым, ауэ иджыпсту ди щlалэгъуалэм зы ныкъусаныгъэ ядызолъагъу: Іуэху зыгъэрым кърихьэжьамэ, ар Іэмал имыlэу Іэнаудыжьын куэйуэ я къащохъу. Ар нэхъ Іупщlу щыыбольагъу Интернетым. Жысlэнраращи, къыхужаlэнымэ егупсысурэ гуэкъыдэж ящlа Іуэхур ирашэжьэну куэдыр тегушхуэжьыркъым. Сыхуейт ди цlыхухэр, псом хуэмыдэу щlалэгъуалэр, дызэкъуэту, зыш и мурадыр адрейм диlыгъыщ дызэдекlуэжьыну. Абы щыгъуэм нэхъыбэж къыдэхъулlэнут.

АЛЪХЪО Дыжьын.

Адыгэм я щэкlыр

Адыгэм пэш кlуэцlым къыщигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмэ гулъытэ щагъуэтащ Кавказым щыlа европей зыпlпъыхьакlуэхэм къащlэна тхыгъэхэм.

І837 гъэм инджылыз хэхухтакlуэ Бёлл Джеймс итхьыжьат: «Я гуэлъыпlэм арджан нэхъыфl дыдэхэр илъщ, данэ фlыцlэ зытебза щхьэнтэхэр ящlыгъужу. Зытеспlа шхыlэным и щlэбзэри зыхуэбгъэдэн щымыlэу хужьыбзэу дахэт. Ўэнэжку щабэр ящlадбжкlэ къэдыхьат. Абыхэм нэмыщl, пэш щlэкlыпlэм нэхъ пэгъунэгъуу тетыісхьэпlэ кlыхь щыгъэуват нэхъ щlалэlуэхэм папщlэ».

Нэгъуащl зы инджылыз хэхухтакlуэ Спенсер Эдмонд 1830 гъэм итхат: «Зы дурэшым уэнщэку куэд щызэтельт, адрейм - щхьэнтэмрэ тепэныкмрэ. Шхыlэнщlбзэ зэмыфдагъуэхэм я къуапэхэр дыщэрэ дыжьынкlэ тхьэмпэ къудамэхэмебгъэщхьыну тхыпхъэ хьэлэмэтхэмкlэ хэдыкlат. Пэри къабзэу, зэщlэкъуауэ зэрыгэрахьэр нэрылъагъуц».

Нэхъ ипэжкlэ, 1790 гъэм, нэмыцэ зыплъыхьакlуэ Паллас Питер Симон цlэрыlуэ хъуа и «Хъыбархэр» тхыгъэм къыщыхигъэщат: «Адыгэхэм я гуэлъыпlэм зегъэщlыпlэ иlэкъым. Ар пхъэбгъуэм къыхащlыкl икlи пэшым и сэмэгурабгъумкlэ щытщ, уэпщlэ теубгъуауэ. Бжэм деж щэнтиуэшхуэ щагъэуващ, пхъэбгъуэм къыхэбзыкlауэ, алэрыбгъу, щхьэнтэ екlуэхэр абы щыгъужу...».

«Адыгэм и псэукlэмрэ и хабзэхэмрэ» тхьилъэм къитхьжащ.

Лъэпкъ къафэхэр

Нысашэ-Хьэкlуашэ: хуабжьу хьэгъуэлlыгъуэшхущ. Ар зэзэмыдзэ щхьэкlэ зы тхьэмахуэ и пэкlэ хьыбарыр зэбграгъэкl. Абы Іэгъуэблагъэм щыlэ къуажжэм дэсхэри ирагъэблагъэ. Къэкlуа псори зы джэгушхуэм зэдыхэтщ.

Къафэ - Къафэкlыхь: Псыжьрэ Тэрч лъэныкъуэмкlэ я къафэкlэщ. Захуэу, хуэму къызэрыфщ. Мы къафэкlэм нэмыщl, Тыркум щахьумауэ «Къафэ къуаншэ»-кlэ зэджэр иджыпсту Хэкуми къыжьыжауэ щыlащ. Хьыджэбзитlымрэ щlалитlымрэ зэдагъэзащlэ.

Гуащэ удж: Щlалэм и лъэныкъуитlымкlэ хьыджэбз зырызым я Іэр иныгъыу, абыхэм зы къафэкlуэ къаплъэщыту зэхуокlуэ. И закъуэу къафэ щlалэр Іэпэтэрэмэшкlэ йолъэу хьыджэбзхэр езым къратыну. Мыдрейм зыкъомрэ зригъэлъэIуа нэужь иретри, езыр абы и пlэ йоувэ. Европэ къафэ щхьэкlэм тlэкlу ещхьщ.

«Адыгэм и псэукlэмрэ и хабзэхэмрэ» тхьилъэм къитхьжащ.

Гъатхэпэм Налшык и кинотеатрхэм щагъэлъэгъуэн щlадзэ «Это была ты?!» фильмыр. Ар щытрахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ режиссёр, сценарист Пэфыф Заринэрэ видеооператор Гъущlасэ Къантемырэ я «SoZÁRee» Іуэхущlапlэм.

Роль нэхъыщхьэхэр ягъэзащlэ Гъубж Амиран, Къэнэмэт ФатIимэ, Дым Елдар, Мизиев Мурадин, Холомханов Къайсин, Циканов Исса. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я зэхущытыкlэр, я гъащlэр, лъэгъуныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ зи лъабжьэ кином хэтахэм я нэхъыбэм актёр Іэщlагъэ яlэкъым, ауэ ныбжьыщlэ 2016 гъэм къауахауэ щытащ Ялэ республикэ киношколэр (ари зи жэрдэму щытар фильмым и режиссёр Пэфыф Заринэщ).

Фильмыр тезыхахэмрэ абы хэтахэмрэ я Іуэху епlъыкlэм фыщыдогъэльэгъуаз:

Пэфыф Заринэ и фильмыр

тингъм и пэ къихуэу, Пэфыф Заринэ сыІущlати, трихьну фильмым си зэфlэкl сыщеплъыжьну чэнджащ къызитат. Шэч хэмылъу, сэ абы сыщыгуфlыкlат. Къэпщlакlуэхэр гуапэу къыгурыlуащ, ренэсансыр зэрыщlэхъуэ зэпсэлъэну къызэрыспэщlыпхъэ сыщыгъуазэт. Пэжыр жысlэмэ, сэ езыр сыщlыхь укlытэхщ икlи ар зэран къыщхьэхуэмыхьун щхьэкlэ, актёр Іэщlагъэмкlэ дерс зыбжанэ сыкlуащ япэщlыкlэ. Юрист Іэщlагъэм сыхуеджащи, сыщогугъ мыпхуэдэ лэжьыгъэм сызэрыхэтар абы и лъэныкъуэкlи къызхуэжlэну къыщыпсэлъэжам сызэрыгуфlам гъунэ иlэтэкъым. Си ролыр мыинми, абы епlъажэм къыскужжlа щытхъуэ и ужькlэ къызгурыlуащ роль цlыкlу зэрыщымыщр.

Циканов Исса *(Нэзар)*: «Сценарийр я1пэ щеджэжьэ защlэу сыдигъэхащ. Гъэщlэгъэнт Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащlэм лъэныкъуэкlэ укъыщепlлъыну, псом хуэмыдэу щlалэгъуалэм нобэ я зэхущытыкlэр зыхуэдэм. Телевиденэ, радио программэхэмкlэ продюсер Іэщlагъэм сызэрыхуеджам къыхэкlыу, режиссёрым сыкъыригъэблагъат фильмыр зыхуэхунхэм сэри сахэтыну. Арщхьэкlэ иужькlэ Заринэ абы актёру сыщыджэгуну сыхигъэхьащ. Зэгъэзэщlа ролыр спэгъунэгъуу схужьlэнукъым: хъыджэбзыр цlыху щlэзэщ, псори и фlэщ мэхъу, уеблэгъ мэ дунейм и гур хуэзlухащи, гъэпцlагъэ гуэри абы тету ищlэркъым. Шэч хэмылъу, лэжьыгъэ гъащlэгъуэн дыхэтащ. А къыдэхъулlэр зи фlыгъэу къыгурыlуа сэ сыщlэхьэ кино трахыну зэхуэса гупыр зэгъунэгъу дызэрызэхуэхъуарщ. Махуэ лэжьыгъэр и кlэм щынэгъэсэни, дыпlащlэртэкъым дызэбгрыкlыжьыну: зыр адрейм и Іуэху епlъыкlэм зэрызэщlигъэгъуэзэным дыхуущlэкъурт.

ХьэщъхуэжьИслъам *(студенту мэджэгу)*: «Зэныбжьэгъуэр дызэхэсу, Инстаграмым щыпlъэгъуащ фильмыщlэ трахыну хэтынухэр къызэрыхахьи и хьыбарыр. Заращlэу си жагъуэ хуэат абы ирагъэблагъэхэр илъэс 18 хуэхэмкlэ къызэрыщlэздзар. Сэ апхуэдизкlэ иджыри срикъуатлъэж. Арщхьэкlэ си ныбжьэгъуэхэм сытраГъэгушхуэри, сыкlуащ кастингым. Сщыгъупщэнукъым а махуэр. Уэлбанэм сыхиубыдэри, псыфбзэ сыхъуауэ сыщlыхьат. Шэч хэмылъуи, сыгуэзат. Сыщlысабийм актёр сыхъуну сыщlэхъэпсу зэрыщытар къэпплъытэмэ, ролыр къэзэрысхуагъэфэщар къызжаlэну къыщыпсэлъэжам сызэрыгуфlам гъунэ иlэтэкъым. Си ролыр мыинми, абы епlъажэм къыскужжlа щытхъуэ и ужькlэ къызгурыlуащ роль цlыкlу зэрыщымыщр.

Циканов Исса *(Нэзар)*: «Сценарийр я1пэ щеджэжьэ защlэу сыдигъэхащ. Гъэщlэгъэнт Къэбэрдей-Балъкъэрым и къыщыфхьи фыщызэрани хъунукъым. Лъэпкъыр къыволlэ, адыгэм я набдзэу фыкъалъытэ». Пэжыр жысlэнщи, абдежщ нэсу къыщызгурыlуар цlыху кэсэ къалэн пыухыкlа и пщэ зэрыдзэтыр, нэхъ балигъ хуъхуу, уи ужь ит щlэблэр къыщыбдзапlэеин щапхъэ гуэр ухъуным зэрыхуущlэкъупхъэр.

- Щlэныгъэ зэрыщэбгъэгъуэта Іэщlагъэм и гугъу пщlымэ-щэ?

- Мы зэманым абы сегупсысыркъым, ауэ сызэреджам сыхущlегъуэжыркъым. Цlыхум Іэмал имыlэу щlэныгъэ иlэн хуейуэ къызолъытэ. Уи къэухьым зэрыхигъахъуэм къищынэмыщlа, хэт ищlэрэ, ар къыпщхьэпэжыныр къыщlэкlынщ зэгъэр.

- Сызэрыщыгъуаз эмкlэ, адыгэ къафэмкlэ школ къызэlуфэхащ. Ар хэт зи жэрдэмыр?

- Илъэсиплl и пэ, зэныбжьэгъуэр дыщыщу, ди ныбжьэгъуфl Битокъу Наурkey чэнджэщ къыдитауэ щытащ щlалэгъуалэр къафэхэм Іэгъэсэным ди къару дыщеплъыжьыну. А мурадыр защlэу дигу ирихьри, Шэрджэс Мухьэмэдэр сэрэ къызэlутха хъуащ апхуэдизкlэ школ. Къапщтэмэ, ар къызэlухьныр Іуэху тыншкъым, псом япэраеу, уи зэфlэкlыкlкlэ езыр узыхуэзарэзыжу щытын хуейщ. Зэрыхъум деплъыну къызэlутха хъуами, мы зэманым а Іуэхур къыдэхъулlэу сеплъ, цlыху къакlуэхэм я бжьыгъэм тепщlыхьмэ. Къэбгъэпсыгъагъэмэ, иджыпсту я ныбжькlэ зэщхьэщыхьауэ гупитlым дадолажьэри, псори зэхэту цlыхуи l00-м нэблагъэ диlэщ.

Къафэм хабзэ куэд епхащ. Укъэфэру зыбгъэсэныр зыщ, ауэ утыку уикlыжа нэужьи абы хуэфащэу дунейм утетыпхъэщ. Мис апхуэдэ гупсысэхэри ди гъэсэнхэм яхэтлъхьэну дыхущlокlу. Сабий нэхъ щlалэхэм ядэлэжьэну къедгъэблагъащ Батхэ Маринэ. Уэрэкъ къафэмрэ къафэ кlыхьымкlэ къыщlыдогъадзэ, къыкlэлъыкlуэу джэгу къафэр, лъапэрисэр, убых лъапэрышэр, ди къуэш абхъазхэм я къафэкlэр ядогъащlэ. Ансамблым хьыхьэн дгъэхьэзыру аракъым, джэгум, хьэгъуэлlыгъуэхэм утыку щихьэфын хуэдэу, абы екlуу зэритыныр аращ мурадэ зыхуэдгъэзывыжьр.

- Упсэу, Албэч. Фи мурадхэр къывзхъулlэну ди гуапэщ.

Епсэльар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Гъатхэр къэсащ.
Сурэтыр **Сэвкіуй Хьэмид** *ищІащ.*

● ГукъэкІыж

Кхъухьлъатэ

Си анэшхуэ Еленэрэ Фаризэтрэ я фэеплъу

Ди анэм и Іыхьлыт Степан. Ар Іэщхэр Іусыпхъэкіэ къызэгъэпэщын Іуэхум хэтт, нэхъыбэрэ Бесльэн къалэм бардэ кэришурэ Раздольнэ жьлэм щызэбгришырт. Зэгуэрым ар ди деж къыдыхьащ. Степан здэкІуэр ди анэшхуэр зыдэс къуэжьэрати, ди анэр абы ельэІуащ си къуэшымрэ сэрэ дыздишэну. Адыгэ къуажэм къыщыхъуа щІалэжь щІыкІуитІыр япэу урыс жьлэм дыдыхьэну арати, дытепыІэртэкъым. Раздольнэм дэсыр нэхъыбэу Украинэм къикІахэрт.

Ди анэр урысибзэкІэ къыдэпсэлъами (и анэдэлъхубзэр арат), ди хьэблэм дэ зэпымычу щызэхэтхар адыгэбзэт. Иджы украиниБзэри зэхэтхыну Іэмал къытхукъуэкІат. Пэжыр жьлПэмэ, бзишри тфІызэхэзэрыхьыжьырт, ауэ си къуэшымрэ сэрэ зыми дыкъигъэдзыхэртэкъым...

Ди анэшхуэ Еленэ щІыхубз тКІийт. ЩІалэ щІыкІухэр дызэрыкъуейщІейми фІыуэ щыгъуаэзти, ар Іэхум хуэхьэзыру кІытпежьащ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, зыми дызэрыхуимытыр ди анэшхуэм занщІэу къыдгуригъэІуащ: пщІантІэм дыдэкІмэ, щыджанхэм «дахьынкІэ» хъунут, хадэм - бжьэхэр къыщыдэунут, Тэрчыпс дыхьихьэмэ, дрихьэхьынут... къэнэжьр зы щІыпІэ деж дыкъэмыпІэтІауэу дыщысынырт. Апхуэдэ «гъащІэр» дэ хьэзабу къытщыхъуащ. Хуэмурэ ди анэшхуэ бзаджэм дызэрыкІэщІэкІэсыкІ хъунум егупсысын щІэддзащ. Ди пльэпІэр - дыщыщхьэхуит Къэбэрдейрт. Ауэ къыдгурыІуэрт ар тІыншу тхуэзфІагъэкІыну Іэхуэхэм зэращымыщыр - дэнэкІэ дымыгъаэми, ди анэшхуэр набдзэгубдзапльэу къыщыткІэлъэплъырт.

Лъагъуэ гуэри тхухэмышурэ махуэхэр къызэрыгуэкІыну кІуэрт. Ауэрэ ди ныбжьэгъуэхэмрэ ди анэшхуэ Фаризэтрэ дахуэзэшын щІэддзащ. Нэхъри ди Къаншыуей нанэм зыри къытпиубыдыртэкъым: курпыпс цІыкІуми дихигъэхьэрт, губгъуэми ди закъуэу диутІыпщырт.

... Махуэ гуэрым си къуэш цІыкІумрэ сэрэ дыкъеПэзззэхыу дытест бжьхьым. Раздольнэм я бгым зэман-зэманкІэрэ къыкъуэльэтыкІ икІи абыкІэ щетІысхьэк хъухьльатэ мыиным (кукурузник) ды-хуей-дыхуэмеищэу дыкІэльэплпльырт. Къаншыуеи апхуэдэ зы аэродром цІыкІу зэрыщІэм дыщыгъуаззт. Асыхьэту диГу къэкІащ: «Сыту фІы хъунт а кхъухьлъатэмкІэ ди кІуэжьм дылъэтэжьыфамэ», - жьгІтІэу.

Ди анэшхуэр кхъуэхэр игъэшхэну Іуэм щихьэм иредгъэхьэлІэри (дэ абы жьжьэуи-гъэнгъууи дригъэкІуалІэртэкъым, кхъуэ шырхэр тПІытІыжьыну жиІэрти), зитчащ. Кхуажэ уэрамыкум диуваУэ кхъухьлъатэхэр щытелъэтыкІыу тпъэгуэ ІуащхьэмкІэ дожэ. Мегр 200 е 300 тКІуами арагъэнт, ди анэшхуэр кхьыткІэпльэжэу кхъыщытпъэгъуам. «КъэвгъазэІ» - щыиагъуэу къэгуот ар. Кудэ къэнэжатэкъым Іуащхьэм дынэсыным, арщхьэкІэ ди анэшхуэм дыІэщІэкІауэ дыззрыжэм гу лъыэыта зы лІы гуэр къытпэуври дыкъинтэуувыІэжащ. Ди анэшхуэр апхуэдизкІэ къэгубжьати, зимыщІэжу украиныбзэкІэ къыдэшхыдэрт, ар дэ нэхъ гъащІэгуэныж тщыхъурти, зыиу къытщымыхъуу дыдыхьэшхырт. Дауэ къемыкІуми, дэ а дакъикъэм ди анэшхуэм «дызэрыхурикъужамкІэ» дызэхуэзарэзыжт. Дригушхуэрт ди махуэ фагъуэхэр зыгуэрКІэ нэхъ щІэщыгъуэ зэрытщІыфами.

Ди зэхэзекІуэкІэр куэдрэ яшэчынт, мыгувэу Степан хъраджэри, абы адэкІэ ди анэшхуэм кхъткІэпльэплъыну кІары зэримыІэжыр жраІащ икІи епльэІуащ Къаншыуей дишэжыну.

Пщэдджьжьым Степан и шыгумкІэ кхыІухэри, ди анэшхуэ Фаризэт и деж, Къаншыуей, дишэжащ. ДыкъызэдзкІуэжам кхъщытпэплъэр нэхъ тыгъэшхуэт - иджыри зы къуэш цІыкІу кхытхэхуат. Благъэри Іыхьлыри щІэупщІэрт урыс анэшхуэм и деж дыкъызэрыщыхьэщІам, зэдгъэльэгъуам. Вовэрэ сэрэ зэкІэльэдгъэпІащІэу псори яжетІэжырт: Раздольнэ жьлэм дызэрыщыпсэуари кхъухьлъатэр «къэдгъэІурыщІэну» дызэрыхэтари. Псом хуэмыдэу кхъыхэдгъэщырт нанэ Еленэ и Іыхуфіагъымрэ абы игу зэрыхэдгъэщыламрэ. Дгъэхъаужи я пэжьпІэр, дауи, Степан псоми яжриІэжат.

ТфІэфІ дыдэу иджы дыщыІэнут ди анэшхуэм деж, арщхьэкІэ...

КІЭРАШЭ Михаил.

● ПщІэну щхьэпэщ

Вагъуэхэр

Вагъуэзэшибл - Большая Медведица. Вагъуэзэшибл псалъэм къыбгурегъаІуэ ар вагъуиблу зэрызэхэтыр. А вагъуиблым къыпщагъэхъу шынакъжьей теплъэ зиІэ сурэт плъагуу, абы кхъыхкІкІэ адыгэр абы ВагъуэкъащІкъкІи еджэрт.

Вагъуэгущэ - Кассиопее вагъуэ гупым щыщ вагъуитхущ. Абыхэм гущэм ещхь сурэт къаХэпщІыкІ мэхъу, аращ Вагъуэгущэ щыщІащар. Вагъуэ гупхэу Вагъуэзэшибляр, Вагъуэкъащыкъыр, Вагъуэгущэр зэи щІым и ИщхьэрэжьІ дмэзсым пэІэщІэ хъуркъым. А вагъуэ гупхэр сыт хуэдэ зэмани ди щІыпІэм щыбольаргъу. Вагъуэ сыхьэзэтыр абыхэм тещІыкъыр ягъэпсырт.

ШогуэзгъаГъвагъуэ - Алькор. Вагъуэзэшиблым ящыщ Мицар вагъуэм и щыгум итщ. Алькор, Мицар псалъэхэр зэхэтмэ, хъарыпыбзэкІэ шуэзтес жиІэу къокІ. Алькор вагъуэм къращІэу щытащ цІыхум и нэм тэмэму ильагъуэрэ имыльагъурэ. Вагъуэр ІупщІу ильагъумэ, цІыхум и нэхэр тэмэму къальытэрт. Мы вагъуэм мыпхуэдэ хъыбар къыдокІуэкІ. ШогуэкІэ еджэу хъыджэбз дахэ дыдэ гуэр щыІащ, жеІэж хъыбарым. Алькор вагъуэр къыльагъун и вагъуу, ар куэдрэ лъыхъуащ, АрщхьэкІэ кхъыхэгъуэтакъым, и нэм сэкъат иІэти. Ар и жагъуащэ хъури, гъащ. Абы щегъэжьауэ цІыхухэр Алькор вагъуэм ШогуэгъаГъкІэ еджэ хъуащ.

Вагъудамэкъъугурыгъ - Западная Рыба вагъуэ гуп. Гурыгъыр бжьым гур зэрыкІэращІэ дамэкъуэ ГъымщІ. Бжьым и кум иІэ гъуанэмрэ гурыгъым я пэм иІэ гъуанэхэмрэ зэхуэзэу зэтралъхьэри, гурыгъыр ирагъэжьыжырт. Гурыгъым бжьыр фІокІэрэхъухь, бжьым и кІапитІыр чэзу-чэзуКІэрэ яПэ ищурэ. Дыгъэр, и илъэс гуэрэгум (эклиптикэм) тету щекІуэкІкІэ, гъатхэпэм и 21-м кхъщІэхъу Западная Рыба вагъуэ гупым и щІагъым, экваторым и щыгум и занщІэу (вертикальнэу) уэгум итц, ипщэрабгъу лъэныкъуэмкІэ къикІыу, ищхьэрабгъу лъэныкъуэмкІэ кІуэуэ. А лъэхъэнэм экваторым и ипщэрабгъу лъэныкъуэм бжьыхьэр кхъщІохьэ, экваторым и ищхьэрабгъу лъэныкъуэм гъатхэм щыщІедзэ, адыгэхэм гъэр щІыгъ щызэхэкІыу къальытэ зэманц. Гъэрэ щІыгъ щызэхэкІкІэ а тІур зэныкъуэкъуу къафІэщІыт, абы теухуауэ адыгэм жаІэ: «ТхьэгъэпсэудэжьІ и къуитІыр зэрымыгъэкІэс, зэрымыгъэпсых». (ТхьэгъэпэжджІ гъэм и тхьэщ, абы и къуитІыр гъэмахуэмрэ щІымахуэмрэщІ). Гъэрэ щІыгъ щызэхэкІыр илъэсыжьыр щиух, илъэсыщІэм щыщІидзэ зэманырщ. Абы ирихьэлІэу илъэсыщІэ тхьэпльэуу мафІащхьэ джэд якІ, джэд фІыцІэр нэхъ ягъэхъабылу.

ЩІымахуэм щІыр нэхущ, хужьщ, гъэр фІыцІэщ; гъэмахуэм гъэр махуэщ, щІыр фІыцІэщ. МафІащхьэу джэд фІыцІэ бкІмэ, «хуэдэм хуэдэ къеШэ» жьхуаІэ хабзэм тету, джэд фІыцІэм гъэмахуэ щІы фІыцІэ кІышэну яГъуэурт. ЖаІэрт: гъэрэ щІыгъ зэхэкІмэ, дадэ джэдгужьыр щихьжьищ. Абы кІъегъэльагъуэ гъэрэ щІыгъ зэхэкІмэ, дунейр хуабэ зэрыхьужьыр. Гъэрэ щІыгъ щызэхэкІа жэщ-махуэм и пщэдджьжьым уэлбанэмэ, щыджангъуэ нэужьым уэфІ хъужмэ, жаІэрт гъэр текІуауэ, гъэ угъурлы щІым, щІым гъавэ бэв къаритыну.

Западная Рыба вагъуэ гупым дамэкъуэм ещхь сурэт къагъэхъу. Гурыгъым бжьыр зэрыфІэкІэрэхъухьым ещхьу, дыгъэр а вагъуэ гупым и щІагъым щІэкІэрэхъухьу щІэтщ, щІым и экваторым и ищхьэрабгъу ибгъумкІэ хуэзэу. Западная Рыбэм къигъэхъу дамэкъуэ сурэтыр къалъытэ дунейм и кхъэхъуащІэкъэм щызэхъуэж гурыгъыу.

КЪАШЫРГЪЭ Назир.
(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● ГушыІэхэр

Уэракъэ къызжезыІар?

ГуфІэжу школым къикІыж щІалэ цІыкІум и ныбжьыр - 7 ильагъуэ.

- Сыт нобэ къэпхьар?
- ТІу!
- Сыт щІыпхуагъэувар?
- СщІэжыркъым.
- Ар дауэ?
- Къысхуэгъэгъу, мамэ, ауэ уэракъэ къызжезыІар Іуэху Іейхэр занщІэу зыщыбгъэгъупщэжьынхуейуэ!

Дэнэ дежи мэуз

Уа, дохутыр, сэ зыгуэр си лажьэщ: си Іэпэмкіэ дэнэ сеІусэми - си пщэрами, си шхалъэрами, си щхьэрами - псори мэуз.

- Зэ дегъэплъыт-тІэ. Е гъэзгу махуэрэ, уи Іэпэр къутауэ аращ уэ!

Уэрамым сыдэтынущ

Егъэджакіуэр сабийхэм йоупщІ, балигъ хьумэ кхьыхахьну Іэщ Іагъэр зригъэщІэну. Хэт дохутыр, хэти егъэджакІуэ, хэти кхъухьлъатэзехуэ хъуну хуейщ.

- Сэ пхъэнкІакІуэу сылэжьэнущ, - жи еджэным гукъыдэж лъэпкъ хузимыІэ Идар щІыкІу.

- Сыт апхуэдэ Іэщ Іагъэ кхъыщІыхэпхар? - егъэщІагъэ егъэджакІуэм.

- ИтІанэ махуэ псом уэрамым сыдэтыну Іемал си Іэнущ, - мэгуфІэ Идар.

● Шхыныгъуэхэр

Джэд лэпс

Мыбы щхьэкІэ нэхъ къащтэр джэдджыжьщ, абы и лым нэхъ лэпсыфІ къыщІовыкІри. Джэд гъэкъэбзар зэпкърах, ятхъэщІри, шыуаным иралъхьэ. Абы и тхьэмщыгъури нэгэгъури зыхуей хуагъазэри ари халъхьэ. Лыр щІигъанэу псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр ирашэхри, шыуаныщхьэр тепІауэ, тхъурымбэрэ къытрахыуРэ ягъавэ ныкъуэвэфІхъуу. Абы халъхьэ бжьыныщхьэ, тыкъырышхуэурэ упщІэта пхъы укъэбза, шыгъу. МафІэр цІыкІу ящІри, тхъурымбэр къытрахыуРэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Джэдыл вар пэшъхэкъм къытрахри, и щхьэр тепІауэ щагъэт дакъикъипщІ-пщыкІутхухІэ. Джэдыл вар къыхахри, хьэкъущыкъу иралъхьэ, бжьыныху-шыгъу, шыбжий хэлъу халъхьэ, соІащІэкри, и щхьэр тепІауэ тІэкІу щагъэт нэхъ мэ гуаКІуэ къищтэн щхьэкІэ. Лэпсыр бинт тІуащІэщащІэкІэ язык. Джэдыл шыуар тепщэч иралъхьэри, Іэнэм трагъэувэ пщтыру. Даших пІастэ. Лэпс пщтырыр трафыхыьж. Джэд лэпсым шыпс, хьэнтхъупс ирипщІ мэхъу.

ХалъхьэкІэр:
джэду - зы, грамм 2000 хъууэ,
псыуэ - грамм 4000,
пхъы укъэбзауэ - грамми 100,
бжьныщхьэ укъэбзауэ - грамми 100

Шыгъуу, шыбжийуэ, бжьныхуу - узыхуейм хуэдиз.

Шхуз

Мы шхыныгъуэр яПэ зэманхэм ящІу щытащ. Нэхъапэхэм унагъуэм жэм зыщыплІ зэрахуэрти, гъэш я куэдт. Бжьыхьэрт нэхъ щащІыр. Ерыскъыгъуэр ягъэхъэзырыр щхьэкІэ шху пэгуниц-плІы шыгъу тІэкІу хэлъу ягъапщІэри, ягъэупщІыУж. Шэр щІэмыхуэм нэхъыфІщ. Шху диЯр чэсыгтей къэпым иракІэри, лъагапІэм щыфІэдзауэ, жьы щІиху маухитІ хуэдизкІэ щыІапІэ фІагъэлъ, шэжьпсыр щІэжьи щхьэкІэ. А шэжьпсыр зэрыльэдэн хьэкъущыкъу къэп лъабжьэм кІэщІагъэувэ. Шхузым къыщІэжа шэжьпсым уефэну сэбэпщ. Кльут кхьхащІыкІи хъунущ. МахуитКІэ лъагапІэм фІэльа шхур Іувыбзэ мэхъу. КІэструлышхуэм шатэ техагъащІэ иракІэ, и лъэгур щІигъанэ къудейуэ, къэпым кьина, кхъуейльалъэм хуэдэу хуэ шхур абы иракІэ. Абы и щІыІум тхъу гъэвэжащІэ упщІыІуэ тракІэ, 1 сантиметр и Іуварэшу. КІэструлышхэр бинт тІуащІэ-щащІкІэ щхьэщапхыкІыжри, щІыІапІэ-кІыфІыпІэм ягъэув. Гъатхэр къэблэгъа нэужьщ къыщащтэр. Щашхынум и дж шхузыр бжэмышхкІэ къыГуаКІуэрэ фалъэм е тепщэчым иралъхьэ. Даших щІакхъуэ, лэкъым, чыржын, мэжаджэ, мырамысэ хуабэ.

ХалъхьэкІэр:
шхууэ - л 40,
шыгъуу - грамми 100,
шатэу - грамм 2000,
тхъууэ - грамм 2000

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэ пэжхэр

ЛІы и къуэгъурэ вы и гъуррэ

♦**Зы гъэр тІэу къакІуэркъым.**
♦**Дыщэр и Іэм къыпощ.**
♦**Гъэмахуэм къыуымылэжьа щІымахуэм бгъуэтыжьыркъым.**
♦**Дыжэф пцІанэ хъуркъым.**
♦**ПхъэІэщэ вийм зэдащтэмэ, щІыгулъ къагъаз.**
♦**ЛэжьэнкІэ уашхэщ, шхэнкІэ дыгъужьщ.**
♦**Гъэмахуэм Іэжьэ щІыи, щІымахуэм гу щІы.**
♦**Зы махуавэр зы махуэшхкъым.**
♦**КІыщ уэщынешэщ.**
♦**ЛІы и къуэгъурэ вы и гъуррэ.**
♦**Псэуным лъакъуибгъу щІэтщ.**
♦**Хьэрычэтымберычэтхэлъщ.**
♦**ЩІыщІэ мэш бэвщ.**
♦**Іэщ Іагъэ зиІэ Іэужь иІэщ.**
♦**Бей жей езэгъыркъым.**
♦**КъэпТекІуэ лъэщщ.**
♦**Насып зиІэм шыІэ иІэщ.**
♦**Хамэхьэр кхохьэри, унэхьэр иреху.**
♦**Ди унэжь пхъэжь мафІэ.**
♦**Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.**
♦**Дыгъужьыр бгъашхэ пэтми, мэзымкІэ маплъэ.**
♦**Нэм фІэбэр Іэбэм еух.**

● ФЭ фщІэрэ?

Къуалэбзухэм я цІэхэр

Баклан японский - япон хыбабыщ,
глухарь - хъунгъар, бзудэгу, бзыудэгу,
лунь степной - жьец, мэкъупІэжьец,
муколовка-пеструшка - жьыкъанкъуэлэн,
лысуха - псыджэд, кьамылджэд,
балобан европейский - кьыякъ,
воробей снежный - узсбзу,
стеноглаз - дурэшбзу, бзудамэлпъ,
воробей черногрудый - бзубгъэгуфІыцІэ,
орел горный - къуршыбгъэ,
сплюшка - жьындуцІыкІу,
орел-карлик - бгъэжьей,
синица усатая - цІыжьдадэжьэгъуху,
синица хохлатая - амкІыщ,
красавка - кьрупщэфІыцІэ,
краснозобик - бгъэгуплъ,
галка альпийская - къуалэпэгъуэ,
барсучок - бгъэнбзу,
галстучник - щхьэщ, пшахъуэджэд,
бекас - сыр-сыр, бзупэкІыхь, удыдж.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ), **Жьлаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыдж Замирэ, Тэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-36-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щІихабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуущапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдзыгъаазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Жьлаэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютерхІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр ІІ 5894 ● Тираж 2.108 ●Заказ №370

Псалъэзэблэдз



Екіуэкіыу: **5**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артисткъ, уэрэджьыІакІуэ Аслъэн Іэсият и кІуажэ. **7**. Фызым ... фызщ. **8**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **9**. Дахэу гъагъэ, иІэгъэ плъыжьыфэ къызыщІэж удэ. **10**. ПхъУм и щхьэгъусэ. **11**. Бананым адыгэбзэкІэ зэреджэр. **12**. БакъэдыкІ Іэмэпсымэ. **13**. ... мазэр муслЫымэнхэм я деж къІэпІэщІ. **16**. Гъуэгум, зекІуапІэм иІэ кумблІэмбхэр. **20**. Іэщ пІащэ. **21**. Шыбжий ... е бжьныху ... **22**. Купсэ кІыхь зиІэ къэкІыгъэ, цІыхум яшхыу. **23**. ГъэшхэкІ. **25**. Къуаргъ лъэпкъ, щІымахуэм щІыпІэ хуабэхэм льатэу. **29**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **30**. Лы лей зытелъ цІыху. **31**. Нартыху гъэльгъуэ хьэжьигъэ. **35**. ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. **36**. Ди къуэш шэрджэс щІыналъэм щыщ уэрэджьыІакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист ... Хьусин. **38**. Хьэсэ зыщІэ унагъуэм апхуэдэ Іэмэпсымэ зэрекъэ. **39**. Пасэрей хъыбарегъащІэ. **40**. ЩІалэ бжьыфІэ, пкъыфІэ. **41**. Шэд хуабэм хэлъын зи щІасэ Іэщ. **44**. ГъукІэм и лэжьапІэ. **45**. Зэпымыууэ уэшх къыщеШх зэман. **47**. ЦІыху тКІий, гущІэгъуншэ. Е цІыхухъуІэ. **49**. Дагъуэ зимыІэ цІыху къызыхуэтышэ. **51**. Гу кІуэм ... кхьыкІэреуд. **52**. Драматург Іэзэ. **53**. ЦІыхум я мылъкур шынагъэкІэ, залымыгъэкІэ къытезых.

Къехьу: **1**. Псы Іуфэ лъагэ е щыхупІэ. **2**. Зи льапсэр хэкІуэдэжа, дунейм ехьжа цІыхум къыщІэна мылъку. **3**. М. Лермонтовым и роман «Ди зэманым и ЛІыхъужь»-м хэт адыгэ щІалэ. **4**. Фочышэу къагъэсэбэп бдзапцІэ хъурей цІыкІу. **6**. ...-абжьаз зауэм лІыхъужьыгъэ щІэзэрахьащ ди адыгэ щІалэхэм. **12**. ЦІыхуфІ и тхьэкІумэ ... **14**. Си гъунэгъум ... къищтэри, машинэ кІыщэхуащ. **15**. Уэшхышхуэ нэужьым адэкІэ-мыдэкІэ льагъуэ щызыщІ псы цІыкІухэр. **16**. Бжэгъу кІыхь. **17**. ... дызыхуэкІуэм ди щІынальэм щагъэльэпІэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур. **18**. АдыгэлІ псоми зэрахьэу щыта Іэщ. **19**. Сталиным и унэцІэ дыдэр. **24**. Нэхьапэм ефэндыкъэм ящыгъуэ щыта щыгъуэм щІыІэ. **26**. Іэщ къуейщІей цІыкІу. **27**. Жьым щІытхъуи, ... къащтэ. **28**. Уэрэдхэм къыхэщІуалэбзу пщэ псыгуэ, льакъуэ псыгуэ кІыхь. **31**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъу адыгэ усакІуэ. **32**. Щхьэщыкъуэ. **33**. Адыгэ къудамэм щыщ льэпкъ кІуэдыжа. **34**. ЧнутІым нэгъуэщІу зэреджэр. **37**. ЦІыху уэд. **42**. ЦІыху хьэлэл. **43**. ... еуэнымкІэ адыгэ щІалэр псоми ятекІуащ. **46**. Бэджьыкъ и ешхыныгъуэ псэущхьэ. **48**. Фадэ гуащІэ. **50**. Уэзджэр ...

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мазаем и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **1**. Церп. **3**. КІэщт. **6**. ПащІэкІапсэ. **7**. Ныджэ. **8**. Ауэ. **9**. Жумэ. **12**. Пщы. **13**. Кьубэ. **14**. КІэ. **16**. Гуль. **18**. Хьэрычэт. **19**. Кьурш. **20**. ЩхьэхъІ. **21**. Ажэгъафэ. **24**. Хьы. **25**. Уц. **26**. Гъурц. **27**. Кьурэ. **31**. Сэмб. **33**. Щай. **34**. Пагэ. **35**. Дэрбэзэрым. **36**. Данэ. **37**. Хьурей.

Къехьу: **1**. Цыджанэ. **2**. Пшагъуэ. **3**. КІэсыж. **4**. ТхьэлъэІу. **5**. ПкІауэ. **10**. Іущхьэ. **11**. Ябгэ. **14**. КІэрэф. **15**. Шыбгъэ. **17**. ЛъэхъуэщІ. **22**. Журт. **23**. Ферс. **28**. Псыкуэд. **29**. Шабзэ. **30**. ХьэпцІий. **32**. Бжьэпэ. **34**. ПщыпхъУ.